

# PWOTEJE KOMINOTE IMIGRAN YO ATRAVE NEW YORK

## LWA NEW YORK POU TOUT MOUN

S.987/A.23228B

**Tout Nouyòkè, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo, vle mennen yon vi lib, patisipe nan kominote yo, sibveni avèk bezwen fanmi yo, epi jwenn aksè a swen sante san entimidasyon. Lwa New York pou Tout moun lan ofri pwoteksyon ki ede rann sa posib, lè yo entèdi tout ajans lokal yo ki fè respekte lalwa ak ajans eta yo fè konplo ak Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn (ICE) ak Patwouy Ladwàn ak Fwontyè (CBP), oswa patisipe nan mekanste yo.**

## PWOBLÈM NAN

Pandan plizyè ane, kèk nan lidè nou yo te itilize ICE pou divize nou, yo te detèmine pou sible, demonize, ak demoralize imigran yo ak separe fanmi yo. Atak ak taktik ICE pou enstale laperèz te separe fanmi yo nan yon fason ki mechan, e ICE te apiye sou ajans lokal yo ki fè respekte lalwa ak ajans gouvènman yo pou ede nan arestasyon, depòtasyon, ak separasyon fanmi yo.

Poutèt sa, anpil Nouyòkè imigran ak fanmi yo ap viv ak enkyetid ke viv lavi chak jou an piblik epi kominike avèk gouvènman an – kit se nan yon arè trafik lapolis, ale lekòl, oswa vizite yon lopital piblik pou w jwenn swen – ta ka mennen nan dechire fanmi an. Lè ajans lokal yo ap travay avèk ICE, sa mennen non sèlman nan pwofil rasyal enkonstitisyonèl, men tou nan move itilizasyon lajan taks lokal nou yo epi resous yo ap sèvi ajanda moun yo ki vle pouse laperèz ak divize nou.

## SOLISYON AN

Boukemisè epi sible kominote imigran yo pou arestasyon ak depòtasyon se yon bagay ki mal epi ki koute chè. Nou bezwen lidè nou yo konsantre sou kreye yon chemen pou sitwayènnte, pa otorize ICE fè mekanste.

Kote Washington neglije pou pran aksyon, Albany ka pran kontwòl pou pwoteje New York kont mekanste ICE epi kenbe tout Nouyòkè yo an sekirite.

**Lwa New York pou Tout moun (S.987/A.23228B) ap ede Nouyòkè imigran yo mennen yon vi lib epi pran swen fanmi yo, prezève resous eta a ak lokal pou kominote nou yo, epi asire yo pa kapab detounen lajan Nouyòk pou yo ka mennen a byen yon pwogram imigrasyon ki mechan ak politize.**

**Kote Washington neglije pou pran aksyon, Albany ka pran kontwòl pou pwoteje New York kont mekanste ICE epi kenbe tout Nouyòkè yo an sekirite.**



**NEW YORK  
FOR ALL**

[www.nyclu.org/nyforall](http://www.nyclu.org/nyforall)

## KIJAN LI TRAVAY

### Lwa New York pou Tout moun

(S.987/A2328B) entèdi an jeneral ofisye eta ak lokal yo nan fè respekte lwa imigrasyon federal yo, mete moun yo nan prizon ICE, epi pataje enfòmasyon sansib ak otorite federal imigrasyon yo. Li entèdi ICE ak CBP antre nan zòn ki pa piblik nan pwopriyete leta ak lokal san yon manda jidisyè. Li asire tou ke moun ki nan prizon yo resevwa avi sou dwa yo anvan ICE entèvyouve yo, epi li kòmanse pwosesis pou limite aksè ICE ak CBP nan baz done enfòmasyon eta.

## POUKISA NOU BEZWEN NEW YORK POU TOUT MOUN

### KOMINOTE YO KI REFIZE KONSPIRE AVÈK ICE YO PI ANSEKIRITE.

Depi fondasyon li an 2003, ICE te aji an tout enpinite, lè l sèvi avèk manti, twonpri, ak gwo fòs pou antre nan kay nou yo epi disparèt paran pwòch nou yo ansanm ak manm yo nan kominote a. Administrasyon Trump la ka fini, men eritaj li nan sible kominote imigran yo ap kontinye. Pèsonn pa ta dwe pè pou rele lapolis oswa sèvis ijans yo ka mennen ICE

devan pòt yo. Lè moun yo twò pè pou yo mande èd oswa pou yo fè vwazen ak kominote yo konfyans, nou tout gen mwens sekirite. An reyalyite, done yo montre ke krim pi ba nan zòn kote ofisyèl yo pa detounen tan ak resous pou yon ajanda imigrasyon ostil. Asosyasyon Gwo Chèf Vil yo, Gwoup Travay Prezidansyèl sou Polisye 21yèm Syèk la, Lapolis Eta New York, ak Pwokirè Jeneral Eta New York yo tout te adopte pozisyon oswa règleman pou yo pa antre nan aplikasyon imigrasyon federal sou rezon ke li andomaje sekirite piblik.

### RÈGLEMAN LOKAL YO KI PWOTEJE IMIGRAN YO KONT ICE GEN BENEFIS EKONOMIK POU TOUT MOUN.

Pandemi a te mete aksan sou konbyen nou tout depann youn sou lòt, epi lè nou pwoteje tout travayè yo, nou ka asire rekiperasyon eta New York. Lè rezidan yo fè otorite lokal yo konfyans, yo patisipe plis nan ekonomi lokal la. Done yo montre ke revni kay la pi wo ak to povrete a pi ba nan kote ki pa detounen resous pou ajanda ICE a.

## LÒT ETA YO TE PASE LWA POU KENBE RESOUS LOKAL YO ANDEYÓ RANFÓSMAN IMIGRASYON FEDERAL.

New York ta dwe swiv lòt eta yo ki rekonèt enpòtans pou pwoteje rezidan imigran yo. New Jersey, Washington, ak Kalifòni deja gen règleman oswa lejislasyon refij nan tout eta a, Vil New York ak lòt jiridiksyon lokal yo gen règleman solid nan tout vil la pou kenbe lapolis ak lòt ajans yo deyò nan ajanda ICE a.

### KOMINOTE IMIGRAN YO MERITE RESPÈ AK YON CHANS POU YO POU SWIV SITWAYÈNTE SAN LAPERÈZ

Atak ICE yo laperèz nan fanmi imigran yo ki te andire anpil difikilte avèk kouraj pou yo bati pi bon lavi isit la. Nou bezwen asire w ke politik divizyon pa kontinye kreye mefyans ak laperèz. Kominote imigran yo kontinye ap tann lidè nou yo devlope yon plan ki rezonab pou sitwayènnte. Yo dwe tann twò lontan epi pwosesis la. Nou bezwen pran mezi pou asire New York ap travay pou tout moun, kounye a.



The Bronx  
Defenders

Vera  
INSTITUTE OF JUSTICE